

## АРВÆЙ ÆСТЪАЛУ ÆРЕСÆН НÆЙЙЕС, ЦАРДÆЙ АМОНД ИССЕРÆН ЕС!..

***Уæрæсей Президент Владимир ПУТИН æрæги æ пресс-конференций куд загъта, уотемæй нецихузи ес иронхгæнæн Устур Фидибæстон тугъди нæ фидтæлти æскъуæлхтдзийнадæн. Истори ка рафинсæ-бафинсæ кæнуй, етæ ба сæ еци илгъагдзийнадæ кæнунцæ цидæр еусахаттон бæлдитæн æма сæ еци фудмиутæ сæхе фуддæрæн фæуудзæнæнцæ... Цæмæй историйæн уæхæн миутæ конд ма цæуа, уой туххæй ба гъæуй хъаурæгин æма æнхæст ун...***


75 ПОБЕДА! 1945–2020

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№41 (780) 2020 анзи 23 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман


### ÆХЦÆУÆН ХАБАР



## НÆУÆГ АНЗÆН – ЗÆРДТАГОН ЛÆВÆРТТÆ!..

Æма уæхæн зæрдтагон лæвæрттæ ракæнунæй Уæрæсей Президент Владимир Путин зæрдæ байвардта æрæги æ аллианзон пресс-конференций рæстæг. Е фегъосун кодта:

– Сæрмагондæй мæ зæгъун фæндуй, аци зин уавæрти адæмæн уæлæнхасæн паддзахадон агъаз ке кæндзинан, уой туххæй дæр. Зæгъæн, фæффулдæр кодтан æгуст адæмæн пособити бæрцæ. Сæрмагонд æргом цæуй æма цæудзæнæй сувæллонгин бийнонтæмæ, уомæн æма етæ уæлдай зиндæр уавæрти бахаудтæнцæ. Бæлвурд программи бундорбæл æхцай фæрæзнитæ лæвæрд цæудзæнæнцæ аци анз 8 анзи кæбæл нæма исæнхæст æй, уæхæн сувæллæнттæ кæмæ ес, еци бийнонтæн.

Аци феддон райсуни фæткæ уæхæн æй, æма уой райсуни туххæй уæлдай рацо-бацо кæнун некумæ гъæуй – Пенсион фонд æй æнæ курдиадæй бафеддзæнæй, кæмæн æнгъезуй еци бийнонтæн.

Уомæй уæлдай, еухаттон æхца лæвæрд æрцудæй 16 анзи кæбæл нæма исæнхæст æй, еци сувæллæнтти нæмбæл.

Хабæрттæ бæлвурддæрæй базонун уæ ку бафæндæуа, уæд бадзоретæ Пенсион фонди республикон управлений телефонмæ: **8-(867-2) 51-80-92.**

Дзæуæгигъæуи цæргутæ ба бадзорæнтæ: **8 (867-2) 51-57-31; 51-85-64; 40-98-48; 40-98-50; 40-98-51.**



# СÆКÆР ДÆР, ÆНГЪÆЛДÆН, МÆСТАДÆ КÆНУЙ...

Нæ бæсти Президент Владимир Путинæн æрæги ци пресс-конференци адтæй, уоми имæ ци фарстатæ равардтонцæ, уонæй еу адтæй, адæми ахсгиагдæр ка гъæуй, еци хуаллæгти æргътæ еци ирæзæги ке ирæзунцæ, уой фæдбæл. Еци фарсти куд баханхæ кодтонцæ, уотемæй кæд æма æргъти ирæзт нæхебæл августи райдæдтан лæдæрун, уæддæр Хецауадæ е 'ргом аци фарстамæ раздахта айдагъдæр декабри. Æма цалинмæ Президент амунддзийнадæ равардта, уæдмæ Хецауадæ уавæр нæ уинуй? Президент æма Хецауадæ циуавæр мадзæлттæ исаразунвæндæ кæнунцæ, цæмæй æргътæ мабал ирæзонцæ, æма уавæр цауддæр ма кæна?

Еци фарстатæн дзуапп дæтгæй Президент загъта:

– *Уавæр, æцæгæйдæр, зæрдæдзоргæ ке 'й, уой æз нæ фембæлди райдайæни дæр загътон. Ке зæгъун æй гъæуй, еуæй-еу къабæзти продукций æргъти ирæзтæн ес бундор. Фал аци анзи тиллæги бæрцæмæ ку 'ркæсæн, уæд исæвзуруй бæлвурд фарста – дзол æма инсадæй конд иннæ продукций аргъ цæмæннæ ирæзуй? Фæстаг цалдæр анзей дæргъи хуари æрзад зингæ исирæзтæй. Раздæри бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, хуарæрзади бæрцæ исирæздзæнæй 131-134 миллион тонней бæрцæ. Æма уæд дзоли аргъи ирæзтæн æ бундор ци 'й? Кенæ сæкæр, царв æма иннæ хуаллаги продуктти æргътæбæл 75 проценти æма уомæй фулдæр цæмæн бафтудæй?*

*Еугур еци фарстатæ карзæй æрæвардтон Хецауади размæ. Æма мæ министртæ фегъустонцæ. Нури уæнгæ Хецауадæ, товаруадзгутæ æма базарадон хизæгти 'хсæн цæттæгонд æрцудæнцæ бæлвурд бардзурдтæ.*

2

## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆРДÆГÆН ÆЙ 357 СОМИ ÆМА 36 КЪАПЕККИ;
УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 315 СОМИ ÆМА 90 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

*Уæрæсей Президент Владимир Путин: «Ке зæгъун æй гъæуй, цийфæнди рæстæг дæр еухузон барæнæй нæ рабардзæнæ. Алкæци цау, кенæ рæстæги дæр цидæр хуарз фæууй, цидæр ба – лæгъуз... Аци анзи кой ку кæнæн, уæд, фиццаги-фиццагидæр, не 'рæом раздахæн коронавируси пандемий фудæй еугур дуйней дæр ци уавæр исæвзурдæй, уомæ...*



# ÆНТÆСТГИН ÆНОВУД КУСТ ФÆУУЙ!..

РАЗДÆР ма куд игъосун кодтан, уотемæй Ирæфи райони сæргълæууæг **Хидирти Батраз** æрæги нисангонд æрцудæй нæ республики фæлгæрæнтти æма æрдзон фæрæзнити министради разамонæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæгæй. Уомæ гæсгæ багъудæй райони нæуæг разамонæг исбæрæг кæнун. Уæхæн барæ ба ес райони минæвæртти Æмбурдæн. Æма депутаттæ æмхузонæй исгъæлæс кодтонцæ, цæмæй райони сæргълæууæгæй нисангонд æрцæуа **Гъуцъунати Хъазбег** – нури уæнгæ е куста райони минæвæртти Æмбурди сæрдари хуæдæййевæгæй.

Еци цауи фæдбæл Чиколамæ сæрмагондæй æрцудæй нæ республики Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав**.

Депутатти хæццæ фембæлгæй, е баханхæ кодта, етæ ци унаффæ рахастонцæ, уой ахсгиагдзийнадæ æма ахедундзийнадæ. Уой хæццæ ба ма зæрдиагæй райарфæ кодта Хидирти Батразæн, дууæ анзей дæргъи райони æнтæстгинæй разамунд ке лæвардта, æ идарддæри социалон-экономикон æма культурон райрæзтæн ин федар бундор ниввæрун ке бантæстæй, уой тухæй. Æцæгæй уотæ ке æй, уомæн ба бæлвурд æвдесæн æй е дæр, æма район 2019 анзи бæрæггæнæнттæмæ гæсгæ фиццаг бунат нииййахæста нæ республики иннæ муниципалон искондти бунæттон хеунаффæйади оргæнти 'хсæн.

*– Райони сæргълæууæгæй косгæй Батраз æхе бавдиста куд аццагъуæгин разамонæг æма дæсни архайæг, кæци арæхсуй æмгустгæнгути еумæйаг къуари архайд гъæугæ хузи райаразун æма раст унаффити фæрци æнтæстдзийнæдтæй фескъуæлхун, – загъта æ радзубандий Битарти Вячеслав. – Райони разамонæгæй ци рæстæг бакуста, е си фæббæрæг æй зингæ æнтæстдзийнæдтæй, район иссæй бæстонæй ка ирæзуй, Цæгат Иристони уæхæн раугæн. Республики хуæздæр муниципалон искондбæл дæр хумæтæги нимад не 'рцудæй, æма ин уой тухххæй дæс миллион соми дæр лæвæрд ке æрцæудзæнæй, е дæр хумæтæги нæй.*

Нæ республики Сæргълæууæг райарфæ кодта Гъуцъунати Хъазбегæн дæр, Ирæфи райони сæргълæууæгæй æвзурст ке 'рцудæй, уой фæдбæл, æма æ радзубандий баханхæ кодта, уотемæй æ зæрдæ ке даруй, райони раздæри разамунди фæлтæрддзийнадæй нæуæг разамундæн ке исуодзæнæй федар бундор, идарддæр дæр æнтæстгинæй архайдзæнæй, еугур равгитæй дæр хæдзардзинæй пайдагонд ке цæудзæнæй, уобæл.

Уой хæццæ ба ма Битари-фурт зæрдæ байвардта, райони социалон-экономикон царди фарстатæ æнтæстгинæй аразунæн алкæддæр цæттæ ке æй, ци гæнæн æма амал уа, уомæй агъаз кæнунмæ.

Гъуцъунати Хъазбег райарфæ кодта е 'мгустгæнæг депутаттæн, уойййасæбæл агъазиау æууæнкæй æй ке фæххайгин кодтонцæ æма 'й райони сæргълæууæгæй ке исæвзурстонцæ, уой тухххæй, æма зæрдæ байвардта, æновудæй ке архайдзæнæй, район нур ци райрæзти надбæл æй, уобæл никки æнтæстгиндæрæй цæмæй размæ цæуа.

**ХЕКЪИЛАТИ Маринæ**

***Къари (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): ХИДИРТИ Батраз, БИТАРТИ Вячеслав, ГЪУЦЪУНАТИ Хъазбег æма ЛАГКУТИ Омар.***

# ПАДДЗАХАДОН АРХИВÆН – НÆУÆГ БÆСТИХАЙ



РЕСПУБЛИКÆ Цæгат Иристон-Аланий Паддзахадон архивæн нæуæг бæстихай исаразун æма æндæр ахсгиаг фарстатæбæл дзубанди цудæй, Архивти федералон агентади нæ республики минæвæрттæн ци фембæлд адтæй, уоми.

Дзубандий архайдтонцæ Архивти федералон агентади разамонæг **Андрей Артизов** æма æ хуæдæййевæг **Андрей Юрасов**, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдар **Тускъати Таймораз** æма æ хуæдæййевæг, Уæрæсей Федераций Президенти рази Цæгат Иристони Æнхæстбаргин минæвар **Дзанайти Барис.**

Цæгат Иристони Паддзахадон архивæн нæуæг азгъунст исаразуни фарста рагæй ахсгиаг æй. Еци косæндони фæзуæттæ унгæг ке 'нцæ, уой тухххæй берæ документтæ æфснайун багъудæй архиви пъадвæлтти, сæ еу хай ба 'й Архивон служби азгъунсти. Ке зæгъун æй гъæуй, 1968 анзи ци бæстихай исаразтонцæ, е абони домæнти аккаг нæбал æй.

Тускъати Таймораз æ радзубандий куд фæннисан кодта, уотемæй архиви æфснайд æрмæгутæ ахсгиаг айдагъ республикæн нæ 'нцæ, уони 'хсæн берæ гæгъæдитæ ес еугур Цæгат Кавкази зингæ историон æма культурон цаути тухххæй.

– Республики Паддзахадон архивæн нæуæг бæстихай исаразуни гъуддаги мах гъудæй федералон ведомстви агъаз. Æма абони еци фарста ралух кæнуни фæдбæл аразий дзуапп райстан. Архивти федералон службæ гъæугæ документтæ бадæтдзæнæй сæрмагонд хецауадон къамисмæ. Еугур фадуæттæй дæр байархайдзинан, цæмæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Паддзахадон архиви нæуæг бæстихайии арæзтадæ райдайа 2022 анзи (аци ахсгиаг объект бахæсдзæнæнцæ федералон программитæй еуемæ), – загъта Тускъай-фурт.

Республики архиви косгутæ куд зæгъунцæ, уотемæй сæ фонди нуртæккæ ес, 1793 анзæй 1920 анзи уæнгæ цаути хæццæ баст ци гæгъæдитæ ес, уони 330 мин еуæги. Архиви æфснайд æнцæ раздæри Терки облæсти хæйттæ – Пятигорски, Хъизлари, Мæздæги, Дзæуæгигъæуи, Нальчикки, Грознай æма Хасавюрти зилдти историон хабæртти хæццæ баст ахсгиаг гæгъæдитæ.

Фембæлди фæсте Дзанайти Барис куд фегъосун кодта, уотемæй объекти арæзтадæ райдайунæн еугур гъæугæ проектон-хигъди гæгъæдитæ республикæ æхе харзæй бацæттæ кодта (еци нисанæн дехгонд æрцудæй 10 миллион соми). Дзанайи-фурти дзубандимæ гæсгæ, нæуæг бæстихай арæзт ку 'рцæуа, уæд еци æууæл фадуат ратдзæнæй, цæмæй архиви еугур фондтæ дæр æфснайд æрцæуонцæ, нуриккон ефтонггæрзтæ æввæрд кæми уа, уæхæн бæстихайии. Проектмæ гæсгæ нæуæг архиви бунат уодзæнæй хæстæгдæр 45-50 анзи æмгъуди гæгъæдитæ æфснайунæн.

Нæуæг Паддзахадон архив кæми æрбунæттон уодзæнæй, еци зæнхи хай дæр бæлвурдгонд æрцудæй. Проекти куд загъд ес, уотемæй нæуæг бæстихайии фæзуат уодзæнæй 4,5 мин квадратон метри бæрцæ, еци-еу рæстæг си бафснайæн уодзæнæй аллихузон гæгъæдити 850 мин еуæги.

***Уæрæсей Федераций Президенти рази Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Еудадзугон минæваради пресс-службæ***

# СÆКÆР ДÆР, ÆНГЪÆЛДÆН, МÆСТАДÆ КÆНУЙ...

*Уонæмæ гæсгæ, товаруадзгутæ дæр æма базарадон хизæгтæ дæр бæлвурд бæрцити уæнгæ фæммин-къийдæр кæндзæнæнцæ хуайраги æргътæ.*

Президенти аци загъд балæдæрун æнгъезуй куд уотид фæдзæхст нæ, фал карз бардзурд. Æма ци? Æ еци бардзурд куд æнхæстгонд цæуй, уой исбæлвурд кæнунæн ба берæ нæ гъæуй – бацæуетæ базарадон бунæттæмæ æма 'й уæхе цæститæй фæуунндзинайтæ, ци куд æй, уой. Сæкæр æма иннæ гъæугæ хуайрæгти æргътæ куд фæббæрзонд æнцæ, уотемæй изайунцæ нерæнгæ дæр ма, кæд ескæми фæнниллæгдæр æнцæ, уæддæр еу тиллæги бæрцæ (æфтуйгæ ба сæбæл æнæбундоронæй бакодта цалдæргай туманттæ). Æрæги мухури фæззиндтæй игъосункæнуйнаг, гъома, нæ республики экономикон ирæзти министради специалистти 'рдигæй еудадзугон цæстдард цæуй хуайраги продуктти æргътæмæ. Æма уæд еци цæстдард ци амонуй, кæд æма æргътæ еци «уæларвонæй» лæуунцæ? Æви «цæстдаргути» æргътæ таргонд кæсæнцæститæй уинунцæ?

... Аци хабæрттæмæ гæсгæ уин еу фидтæлтиккон таурæхъ уæ зæрдæбæл æрлæууын кæндзинан. Цæветтонгæ, еу хуæнхаг лæгæн æ хæрæг билæй рахаудтæй æма ин гъæубæстæ зæрдитæ æвардтонцæ:

– Æгæр ма хъонц кæнæ, Хуцау бабæй дин æндæр хæрæг ратдзæнæй...

Уæд син еци лæг ку зæгъидæ:

– Магъа, æз ци Хуцау зонун, е мин æнæ финддæс соми хæрæг радта, е ми не 'руагæс кæнуй...

Гъе уотæ махæй дæр не 'руагæс кæнуй, сæ хуцау сом æма пайда кæмæн æнцæ, еци сæудегергæнгутæ адæмæн ести хуарз исаразонцæ, сæхецæн си зæран ку уа, уотемæй...

Кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма æргъти исирæзт адæми еума хатт бауæндун кодта, сæкæр дæр мæстадæ ке исуй, уобæл. Æргътæ уæлæрвтæмæ ка исиста, уони ком ба æгæр дæр ма «райадгин» æй...



Нæ бæгъатæр æмзæнхон, Уæрæсей Бæгъатæр Александр Михаили фурт Стыцини райгурдбæл 24 декабри æнхæст кæнуй дæс æма æртинсæй анзи (1950-1996).

# ФАРНÆХÆССÆГ ДЗУРД ЦАРДАРАЗÆГ ÆЙ!..

***Æрæги адтæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий мухури гъуддæгути фæдбæл æма дзиллон коммуникацити Комитети æмбурд. Амудта 'й сæрдари хуæдæййевæг ГÆБÆЛАТИ Мæдинæ.***



Архайдтонцæ си нæ республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити косгутæ. Æмбурди дзубанди цудæй комитети анзи кусти бæрæггæнæнтæбæл æма федæни нисантæбæл. Гæбæлати Мæдинæ куд радзурдта, уотемæй комитет аци анз æ куст аразта паддзахадон программити бундорбæл, æма уотемæй сæ къохи бафтудæй берæ гъуддæгутæ исаразун. Еци программитæй сæйрагдæр еу адтæй «Дзиллон-хабархæссæг фæрæзнити ирæзт»-и нисантæ.

– Æдеугурæй дзиллон хабархæссæг фæрæзнити мухурæн æма киунугутæуадзæн куститæн нæ республики бюджетæй еумæйагæй харзгонд æрцудæй – 223 миллион æма 43 мин соми. Паддзахадон программæ «Дзиллон хабархæссæг фæрæзнити ирæзт»-и бундорбæл анзи дæргъи мухури рацудæй 1 миллион экземпляри газеттæ æма журналтæ. Рауагъдадæ «Ир»-и ба мухури рацудæнцæ социалон ахедундзийнадæ кæмæн ес, уæхæн литератури киунугутæ – 40,15 мин экземпляремæй.

2020 анзи ма рауагъдадæ бацæттæ кодта Аланистонбæл аргъуди 1100 анзей кадæн киунугути сери «Алайнаг библиотекæ». Фиццаг фæлтæри кустмæ хаст æрцудæй авд киунуги, уæдта Абайти Васой цуппартомон киунугæ. Киунугути мухурæн комитет субсидий хузи рауагъдадæ «Ир»-æн радех кодта 370 миллион соми. Комитети къамис ба равзурста 26 киунуги ирон æвзагбæл, куд хуæздæртæ, уотæ. Комитет устур æргом æздахуй, маддæлон æвзагбæл ка финсуй, еци æригон автортæмæ дæр. Нæ республики Сæргълæууæг нин нæ фæндитæн, нæ нæуæг проекттæн алкæддæр аргъ искæнуй æма фæууй арази, маддæлон æвзаги ирæзтæн ци мадзæлттæбæл райдайæн архайун, еци кустбæл. Хъæбæр хуарз исфæлдистадон фæзæ 'й æригон косгутæн журнал «Мах дуг». Уоми син ес фадуæттæ, се 'сфæлдистадон искурдиадæ прози, поэзий равдесунæн. Уомæй уæлдай ма нæмæ ес æндæр журналтæ дæр «Ногдзау», «Ирæф», «Дарьял». Айдагъ «Ногдзау» аци анз мухури рацудæй 15 мин экземпляремæй. Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг Битарти Вячеслави агъазæй Цæгат æма Хонсар Иристони берæсувæллонгин бийнонтæ журнал «Ногдзау» лæвар райстонцæ 6000 экземпляри. Паддзахадон программи бундорбæл байархайдтан, иннæ анз мухури фæрæзнитæ уæйæгонд кæми цæудзæнæнцæ, уæхæн дууæ агъазиау павильони æма дууæ устур киоски Дзæуæгигъæуи байгон кæнунбæл, минкъий киосктæ ба районти. Аци фарста æй вазуггин, уомæн æма нæ республики газеттæ æма журналти киосктæ æхгæд кæдæй æрцудæнцæ, уæдæй абони уæнгæ мухури фæрæзнитæ адæммæ нæбал хъæртун кæнунцæ афойнадæбæл.

Паддзахадон программи бундорбæл аци анз фæцæй «Ирон адæми национ-культурон ирæзти» телеравдистити рохситауæн, «Имена», зæгъгæ, цикл дæр. Телеравдистити фагæ æрмæгутæ кæбæл нæ рацудæй, уонæбæл исаразун. Телепроект «Тропами Алании» ба – Аланистонбæл аргъуди 1100 анзей кадæн, ирон æвзагмæ тæлмацгонд æрцудæнцæ цалдæр кинониви. Декабри астæу рацæудзæнæй «Иронау дзорæн»-и фондз равдисти. Программи фæрци ма арæзт æрцудæнцæ журналтæ «Мах дуг» æма «Дарьял»-и нуриккон интернет-сайттæ. Уомæй уæлдай, райараздзинан газет «Рæстдзинад»-и интернет-сайт дæр. Аци анз национ културæ æма маддæлон æвзаги популяризаций фæлгæти журналистти аллианзон ирон æвзагбæл конкурси цуппар журналисти райстонцæ премитæ – 50 мин соми. Нæ республики Сæргълæууæги премимæ ба райстан 183 курдиади. Æмгуст кæнæн Иристони еугур дзиллон-хабархæссæг фæрæзнити хæццæ дæр, архайæн аллихузон проектти. Уонæй æй «Наркотикти нихмæ» арæзт проект. Аци рауæн пайда кæнæн наркоманий нихмæ пропаганди фæрци телеравдистити, газетти фæрстæбæл æма æндæр æхсæнадон мадзæлтти æвдесун, наркомани ци берæ бæллæхтæ хæссуй адæймагæн æма сæ бахезуни фæдбæл фарстатæбæл æрмæгутæй. Адтæй аллианзон конкурс темæ «Равзарæ цард». Бацæттæ кодтан комплексон мадзæлттæ «Æнæгъæнæ горæт», зæгъгæ, интернет-портали. Федæни нæ зæрди ес Иристони журналистти зонундзийнæдтæ никки уæлдæр кæнунæн сæрмагонд ахуртæ аразун æма сæ стажировкæмæ дæр рарветун, – загъта комитети сæрдари хуæдæййевæг Гæбæлати Мæдинæ.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Еу хуæнхаг лæг будуйраг гъæутæй кæцидæри уогæй æрæхсæвеуат кодта еу бийнонтæмæ. Уой размæ си уотæ фегъосидæ, гъома, хуæрзцæрунгъон бийнонтæ 'нцæ. Фал еци изæр син сæ уавæртæмæ ку 'ркастæй, уæд æ зæрдæ нецæмæй барохс æй. Æма еци æфсæрмитæгæнгæй хæдзари хецауи бафарста:*

*– Дæ хуарзæнхæй, мæ лимæн, ци дæбæл æрцудæй, раздæр фæрнугæй ку цардтæ, уæд нур дæ хæдзарæ думгæмæ дарди хузæн цæмæн иссæй?*

*Будуйраг лæг нийнæфтæй æма зæгъуй:*

*– Æз дууæ хисти искодтон, фал дæубæл ба ци 'рцудæй, мæ хæлар? Уоййасæбæл æгудзæг ку некæд адтæ, уæд нур ба, цума дæ куйтæ ниттудтонцæ, уой хузæн ку исдæ?*

*– Мадта нæ дууæ дæр еу незæй сæйгитæ ку ан: æз ба мæ фуртæн ирæд бафистон!..*

Аци дууæ лæгей уавæр ни, æвæдзи, алкедæр балæдæрдзæнæй. Не 'гъдæутти фæдбæл æгæр берæ хæрзтæ, гъæуа-нæгъæуайæй, ке кæнæн, е бæрæг æй, æма, фиццагидæр, нæхе фудæй. Фал ма нин уой хæццæ ба нæ цардиуагæ æгудзæгæй-æгудзæгдæр кæнуй паддзахадæ дæр. Æ аллихузон хъалонтæй, æнæмæнгæ гъæугæ лæггæдтæ æма хуайрæгти æргътæ еудадзуг бæрзонд кæнгæй. Мæнæ фæстаг рæстæги, зæгъæн, сæкæри аргъ фæффулдæр æй дууæ хатти, хъæбæр исирæзтæнцæ хуæлци иннæ хузти æргътæ. Е цæйбæрцæбæл æверхъау миуæ 'й æма цæйбæрцæбæл фегудзæгдæр кодта адæми царди уавæртæ, уобæл исарази æй бæсти разамунд дæр æма еци тингунæй æ нихмæ дзоруй. Æма ци? Еци æверхъаудзийнадæ сæ игъосгæ дæр цума нæ кæнунцæ, уотæ сæхе дарунцæ, æргътæ дæр еци бæрзондæй изайунцæ… Е дин паддзахади медæги хуæрзæгъдаудзийнадæ, адæми Конституцимæ гæсгæ социалон бартæ гъæуай кæнуни æцæгдзийнадæ!..



**Сергей МАЛИНКОВИЧ, парти «Уæрæсей коммунистти» Центрон Комитети сæрдари хуæдæййевæг: «Нæуæг анзи фæсте ралæудзæнæй 23 февраль, уæдта 8 Мартъи. Уомæ гæсгæ ба хæстæгдæр дууæ мæйеми карз ниуæзтæн «нæ» зæгъунæн гæнæн неци хузи ес…»**

*– Аци «коммуністтæ» дессаг æнцæ!.. Сæхемæ ниуазун ку нæ фæццæуй, уæд карз ниуæзти нихмæ хъæбæр карзæй дзорæг æма тохгæнæг исунцæ. Фал сæхуæдтæ ку рамондаг унцæ «нанай цæстисугмæ», уæдта ци рæуонæ ба нæ райерунцæ!.. Нæкæси, феронх си æй цалдæр бæрæгбони – уæрæсейаг мухури Бон 13 январи, Парижаг Коммуни Бон 18 мартъий, космонавтики Бон 12 апърели, Фиццаг Май…*



**Владимир ЖИРИНОВСКИЙ, Уæрæсей либералон-демократон партий раздзæуæг: «Паддзахадон думи æмбурдти зал – е «сурх зонæ» æй. Æма фæндон хæссун депутаттæн сæрмагонд уæледарæс, скафандртæ дæттун…»**

*– Уотæ дæр фæууæд, æма сæ, куд фæззæгъунцæ, æнæнезæй дарæнтæ. Уогæ адæмæн депутаттæ æнæуой дæр æнæзæнхонти, æндæр планетæбæл цæргути хузæн æнцæ – æвзаргути сагъæстæ æма монцтæй уоййасæбæл хъæбæр идард æнцæ. Æцæг ма син скафандрти хæццæ идæнттæ дæр ма раттун гъæуй – цæмæй сæ сæ дзæгъæл дзæнгæдайæй уæддæр ести уорама…*



**Владимир ПЕТРОВ, Ленингради облæсти Закъонæвæрæг æмбурди депутат – гæртан есунæй фæссекк унмæ гæсгæ бауорамуни туххæй: «Еу æдзæсгон чиновники рæдуд миуи фудæй цæстифтуд цæунцæ иннетæ дæр. Куд фæззæгъунцæ, еу цæгæрхуæрд фус исафуй æнæгъæнæ дзогæ…»**

– Цæгæрхуæрд ке æй, е, æвæдзи, еу фусæн ке исгъæр уодзæнæй, дессаг е нæй. Дессаг е æй, æма е ци дзогæй æй, уоми еугур фустæ дæр иннæ дзогтæй уæлдай цæмæдæр гæсгæ нардæй-нарддæр ке кæнунцæ. Уæдта еци фус дæр, еци дзоги иннæ фусти фудæй исцæгæрхуæрд æй?..

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

### ПАНДЕМИЙ ФÆСТЕУГУТÆЙ ХЪÆБÆРДÆР КÆЦИТÆЙ ТÆРСЕТÆ?

**Уæхæн фарста социологон æрфарсти рæстæг уæрæсейæгтæй кæмæ равардтонцæ, уони дзуæппитæ еумæйагæй рауадæнцæ мæнæ ауæхæн:**

- 60% – Æргъти ирæзтæй
- 52% – Улупати фæмминкъийдæр унæй
- 44% – Медицинон лæггæдти фæллæгъуздæрæй
- 42% – Æгустадæй
- 41% – Экономикон кризисæй
- 33% – Коронавируси нæуæг фæлхъæзæнæй
- 10% – Фæсарæнтæмæ цæуни равгити фæккунæгдæр унæй
- 2% – Тукæнтти ци уæйæгонд гъæуама цæуа, уони заманайæй



***Давид РИГЕРТ, олимпаг чемпион уæззау атлетикæй: «Акъоти Владимири хуарз зудтон æма мæмæ хъæбæр устур цæстиварди адтæй. Тæккæ зингæдæр тренер адтæй, æ хæццæ косгæ кæмæн рауадæй, етæ ’й хъæбæр нимадтонцæ, зæрдиагæй си боз æма сæрустур адтæнцæ. Æз си мæхуæдæг берæ хуарздзийнæдтæ базудтон, адæми хæццæ куд косгæй, уомæй».***

# АДÆМИ КАДÆ ИН АДТÆЙ




*Цæгат Иристони уæззау атлетики скъолай исирæзтæн агъаззагдæр лæггæдтæ ка бакодта, еци фиццаг лæгтæй еу адтæй АКЪОТИ Петри фурт Владимир. Киристонгъæуккаг лæхъуæн æрдзæй рахаста федар иуæнгти рахастдзийнадæ, æма ин кæд æ райгурæн гъæуи гъæугæ уавæртæ нæ адтæй уæззау атлетики сосæгдзийнæдтæ базонунмæ, уæддæр цубур рæстæгмæ иссæй Цæгат Иристони тухгиндæр штангисттæй еу. Æ уæлахезон спортивон над ба райдæдта 1948 анзи – уæд гъæуккаг хъаурæгиндæр лæхъуæнти ‘хсæн республикон еристи нимад æрцудæй тæккæ тухгиндæрбæл. Еци анз Сталингради зоналон еристи дæр фæуузлахез æй, дууæ анзей фæсте ба иссæй спортивон æхсæнадæ «Спартак»-и чемпион. Фæстæдæр, æфсæддон служби рæнгъити уогæй рамулдта Советон Æфсади чемпионат, иссæй нæ бæсти фæсевæди чемпионати уæлахездзау, Уæрæсей чемпион. Акъоти Владимир адтæй ирон штангисттæй ССР Цæдеси спорти мастери нормæ фиццагидæр ка исæнхæст кодта, е. Акъоти Владимирæн æ агъазиау спортивонгъомбæладон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй аккаггонд æрцудæй Цæгат Иристони æскъуæлхт тренери, ССР Цæдеси æскъуæлхт тренери, Цæгат Иристони культури æскъуæлхт косæги кадгин нæмттæ.*

*Æма нæ абони ба фæндуй аци намусгин лæги цардвæндаги туххæй радзорун. Гъулæггагæн, абони не ’хсæн нæбал æй, уæддæр æ ном æма æ арфиаг гъуддæгутæ ба нерæнгæ дæр ма цæрунцæ нæ дзиллити зæрдити. Æ æримисун нæ зæрди æрæфтудæй, еуемæй æ берæ устур æскъуæлхтдзийнæдти туххæй, иннемæй ба 18 декабри æ райгурдбæл фондз æма цуппаринсæй анзи ке исæнхæст æй, уомæ гæсгæ (1930-1997).*

УАЗАЛ, зуймон бон – æ бартæ тæккæ райсунбæл æй феврали мæйæ. Адæймаги уæхæн рæс-тæг гъæунгæмæ рацæун дæр бæргæ нæ фæффæндуй, фал æй уæддæр е ’нæмæнгæ кæнгæ гъуддæгутæ ба хæдзари гъари бадун кæми уадзунцæ. Æма метин рæгъти æхсæн нарæг къахнадбæл фæннæхстæр уогæй, къæхти буни мет хъис-хъис кæн-дзæнæй, уазал ба бауæр æхсилкъитæ кæндзæнæй, уæддæр зæрди ба цидæр æхцæуæндзийнадæ уайтæккæдæр раберæ уй...

Уæхæн «цъемосгитæй» нæ дзубанди цæмæ гæсгæ райдæдтан?.. Раст гъе уæхæн бæнттæй еуеми 1967 анзи Советон Цæдеси дзиллондæр спортивон æхсæнадæ «Динамо»-й цæгатиристойнаг хайади совети æмбурди уæззау атлетики сæйраг тренерæй нисангонд æрцудæй Акъоти Петри фурт Владимир. Уомæй, зæгъун æнгъезуй, аргъгонд æрцудæй, е нæ республики спорти аци хузæ цæмæй æнтæстгинæй райрæза, уой фæдбæл ци берæ хуарздзийнæдтæ исаразта, уонæн. Мадта фæстæдæр ин минкъийдæр кадæгонд нæ цудæй, æнтæстгин уæззауатлеттæ гъомбæл кæнуни гъуддаги ци дессаги арæхстдзийнæдтæ равдиста, уой туххæй ин исаккаг кодтонцæ уæди рæстæгути цитгиндæр титултæ – равардтонцæ ин ССР Цæдеси æма Уæрæсей Федераций æскъ-уæлхт тренери нæмттæ.

Уæхæн кади аккаг исун æнцон нæ адтæй советон доги – уæд спорти дæр æма ма берæ æндæр уæхæн гъуддæгути нури хузæн æхцатæ æма цидæр аллихузон налатдзийнæдти фæрци нæ, фал æцæгæй хе арæхстдзийнадæ æма хе хъаурæй фескъуæлхун гъудæй, зæрдиагæй кадæ кодтонцæ, æцæгæй лæгдзийнæдтæй хайгин ка разиннидæ, уонæн. Æма уæхæн барæуадзæ лæгдзийнæдтæй ба хайгин разиндтæй Валоди… Æ цардвæндаг ци берæ хиццаг æскъуæлхтдзийнæдтæй исæрттивта, етæ уотæ æнцонтæй нæ бафтудæнцæ æ къохи, етæ æнцонæй нæ бантæстæнцæ, уонæмæ æ над адтæй даргъ æма гургъахъ, зиндзийнæдтæй æ тæккæ идзаг. Уонæн сæ еугурей туххæй нæ дзордзинан, е ’мгæрттæй си ка нæ «фæххайгин» æй. Фал уони хæццæ ба Акъоти бийнонтæ зæрдæрист фæцæнцæ Устур Фидибæстон тугъди тæккæ райдайæни, уæд 1941 анзи, Киристонгъæумæ, уонæн сæ хæдзарæмæ исæмбалдæй сау хабар – финстæг. Уоми æфсæддон командæкæнуйнадæ тæфирфæс кодта Акъоти бийнонтæн, сæ дарæг, сæ фидæ Петр Севастополи карз тугъдтити бæгъатæрæй ке фæммард æй, уой фæдбæл. Уæд Валодибæл цудæй еуæндæс анзи. Æнафони байзадæй седзæрæй еци уæззау фуддзамани.

Фал ци гæнæн адтæй… Гъудæй цæрун æма зиндзийнæдтæн фæразун, æма Валоди дæр фæразта зиндзийнæдтæн, æ седзæрон уæззау карнæбæл исарази уогæй, æ нифс ба уæддæр не ’рсастæй, царди хабæрттæн мадзæлттæ ирдта. Е ’мгæртти хæццæ райдæдта колхози косун, сæрдигон каникулти, æхсæдунти рæстæг боницъæхæй ба сауæнгæ изæрдалингтæмæ уидæ будурти, косидæ трактористи агъазгæнæгæй дæр... Еци кустити федар кодта æ уодигъæдæ, æ бауæр, ирæзтæй хъаурæгин лæхъуæнæй. Уолæфуни рæстæг сæхе райерхæфсунæн Валоди е ’мгæртти хæццæ ерис кæниуонцæ трактори æфсæйнаг хæйттæ есунæй. Уонæми архайгæй имæ уæлдай разæнгарддзийнадæ фæззиннидæ, кæддæр циркмæ бафтуйгæй, уоми гиритæ æма æндæр уæзæгтæ есунæй дессæгутæ ка æвдиста, еци бæгъатæр æ зæрдæбæл ку æрбалæу-уидæ, уæд. Цæветтонгæ, тугъди фæсте Киристонгъæумæ концерти хæццæ иссудæй еу цирки зундгонд уруссаг бæгъатæр. Æ равдисти рæстæг е адæми рази тасун кодта рельситæ, гъазта гиритæй, штангæй. Уæд уомæ ка кастæй æма ин æ хъауритæбæл дестæ ка кодта, уони хæццæ адтæй Валоди дæр. Æма имæ хъæбæр æрхицæ кодта, бафæндадтæй æй еци лæги хузæн хъаурæгин исун.

Æма айдагъ фæндунбæл нæ фæцæй æ хицæ. Архайдта, пайда кодта алли фадуатæй дæр, цæмæй хъаурæй дæр фæттухгиндæр уа æма æ арæхстдзийнадæ дæр бæрзонддæр кæна. Æма уотæ æновудæй ке архайдта, уомæ гæсгæ ин берæ цидæртæ дæр æнтæсун байдæдта, сабургай æ кой игъусун райдæдта æнæгъæнæ республикæбæл дæр. Хумæтæги имæ 1948 анзи нæ фæдздзурдтонцæ республики хъаурæгиндæрти еристæмæ дæр. Уонæми Валоди, Дигори райони команди иуонг уогæй, равдиста хуарз бæрæггæнæнтæ æма ин етæ иссæнцæ берæ æма устур æнтæстдзийнæдти райдайæн. Сæ командæ байахæста фиццаг бунат æма ин зæрдæбæлдарæн лæварæн балæвар кодтонцæ штангæ. Æма уæд Валодийæн е ’мбæлтти хæццæ фадуат фæцæй тренировкитæ æцæг профессионалон дзаумауи фæрци кæнунæн. Уотемæй уæззау атлетикæ ин иссæй уотид спортивон карнæ нæ, фал царди сæйраг гъуддаг, е ’новуд æмбæлццон.

Мæнæ уæлдæр ци еристи кой ракодтан, етæ ма ин байгон кодтонцæ, куд фæззæгъунцæ, дуæрттæ устур спортмæ. Бæрзонд бæрæггæнæнтæ ке бавдиста, уомæ гæсгæ Валодий бакодтонцæ республики еугонд командæмæ æма ’й рарвистонцæ Сталинградмæ Уæрæсей Федераций бæрнон еристæмæ. Еци еристæмæ 'й зæрдиагæй цæттæ кодта уæди рæстæги зундгонд тренер Юрий Полторанин.

Е имæ æ цæстæ хъæбæр лæмбунæг дардта, еудадзуг ибæл ауодудта, айдагъ спортивон зали нæ, фал ма ин сауæнгæ поезди цæугæй дæр амудта штангæ есуни сосæгдзийнæдтæ: куд ибæл растдæр хуæцун гъæуй, куд æй есун гъæуй æма ма берæ æндæр уæхæнттæ.

Сталингради еристи Акъоти Владимир равдиста хуарз дæснидзийнадæ, никки фæббæрæгдæр æнцæ æ хъауритæ, æ тухæ. Æма специалисттæ æнæгурусхæй бафеппайдтонцæ, Валодийæн фæлтæрдгун спортсменти хæццæ дæр ерис кæнун æ бон ке æй, уой.

Физикон æгъдауæй тухгин уогæй, æригон штангист æ хъауритæ æвзурста уæззау уæзи (уæд уæззау уæзæмæ хаст цудæнцæ, æ уæзæ 80 килограмми æма уомæй фулдæр кæмæн адтæй, уæхæн штангæесгутæ) æма байахæста дуккаг бунат, лæвæрд ин æрцудæй æвзестæ майдан.

Сталингради еристи Акъоти Валоди æхе куд арæхстгинæй бавдиста, е хъæбæр фæццудæй, уæди рæстæгути æнæгъæнæ Советон Цæдеси дæр æма дуйней дæр зундгонд ка адтæй, еци ростоваг штангист, тренер **Семен Розенфельди** зæрдæмæ. Æма Акъой-фурти зæрдиагæй бæргæ худта Ростовмæ, загъта ин, уордæмæ ку рацæуа, уæд ин уæззау атлетикæй архайунæн зингæ хуæздæр фадуæттæ ке уодзæнæй, уой. Валоди æхуæдæг бæргæ исарази æй ростоваг тренери фæндонбæл, фал сæхемæ ба, фиццагидæр æ мадæ арази нæ адтæй, æ фурт цæмæй Ростовмæ рандæуа, уобæл – хæдзари царди хабæртти уæзæ æма ма берæ æндæр гъуддæгутæ еугурæйдæр фурти рагъи адтæнцæ, уой фæрци куддæрти уæддæр рæстмæ кодтонцæ, æма, дан, æнæ уомæй куд уодзинан… Фал уæддæр фæстагмæ Валодий мадæ Лизæ исарази æй æ фурти фæндонбæл.

Валодийæн æ ахур райдæдта спортивон æхсæнадæ «Спартак»-и. Уоми куста тренерæй Семен Розенфельд дæр. Валоди æ цардиуаги хабæрттæй тухстдзийнæдтæ куд нæ æвзурстайдæ еци мæгур рæстæгути, куд нæ адтайдæ æхца гъæуагæ дæр, фал ци над равзурста, уой сæрбæлтау бухстæй зиндзийнæдтæн, фæразта алцæмæндæр. Гъе уотемæй ирæзтæй æ дæснидзийнадæ, бонæй-бонмæ фæлтæрдгундæр æма хъаурæгиндæр кодта.

Уалинмæ æригон бæгъатæрмæ фæддздзурдтонцæ Советон Æфсади рæнгъитæмæ. Фал ин æ спортивон æскъуæлхтдзийнæдтæ нимайгæй ба ’й ниууагътонцæ Ростови ци сæрмагонд æфсæддон хай адтæй, уоми. Уой фæрци æригон æфсæддон æма искурдиадæгин штангист æнхæст кодта е ’фсæддон ихæслæвæрдтæ дæр, адтæй ин рæстæг тренировкитæ кæнунæн дæр.

Райевгъудæнцæ е служби æртæ анзи. Уой дæр уотид рæстæги хузæн нæ, фал ин еци æртæ анзи разиндтæнцæ хъæбæр «тиллæггун» – Акъоти биццеу иссæй Донской æфсæддон зилди чемпион. 1951, 1952, 1953 æнзти ба – ССР Цæдеси Гæрзефтонг Тухти чемпионатти призер.

Æфсадæй ку исуæгъдæ 'й, уæд идарддæр архайдта Ростови спортивон æхсæнадæ «Спартак»-и. Æма 1955 анзи æригон штангистти ССР Цæдеси чемпионати рацудæй фиццаг бунатмæ.

1957 анзи Акъоти Владимирæн лæвæрд æрцудæй ССР Цæдеси спорти мастери кадгин ном. Æнæуойдæр еци ном уæди рæстæгути хъæбæр кадгин адтæй, фал Акъой-фуртæн лæвæрд ке 'рцудæй, уомæй ба ма æ кадгиндзийнадæ бæрзонд уомæн æй, æма цæгатиристойнаг уæззауатлетиконтæй фиццагидæр е райста уæззау атлетикæй спорти мастери ном. Уæлдай æхцæуæн ба

*Андрей ЧЕМЕРКИН, Уæрæсей спорти æскъуæлхт мастер, олимпаг чемпион: «Акъоти Владимири хъæбæр зæрдтагонæй имисун. Е адтæй десаги хæлар-зæрдæ, цæстуарзон адæймаг. Бафарстайдæ дæ де 'нæнездзийнадæбæл, дæ кеми ку нæ адтайсæ, уæд дæ байгъæлдзæг кодтайдæ ести ходæги хабар кенæ уадзимисæй... Адæймаги лæдæрдтæй æма ин аргъ кодта...»*

# Æ ЕУГУР ХУÆРЗЕУГУТÆН СÆ ЦИТГИНДÆР!..

ма ин е дæр адтæй, æма еци ном райсуни туххæй æнæмæнгæ гъæугæ норматив нæхемæ, Иристони ке исæнхæст кодта, уомæ гæсгæ Дзæуæгигъæуи вагæнттæцалцæггæнæн заводи клуби спортивон зали цудæй Уæрæсей Хонсар хаййи чемпионат уæззау атлетикæй. Се 'мзæнхони уинунмæ æрбацудæнцæ куд киристонгъæуккæгтæ, уотæ сæдæгай дзæуæгигъæуккæгтæ, Иристони аллирауæнтæй спортуарзгутæ дæр… Уæд Акъоти Владимир иссæй Уæрæсей Хонсар хаййи чемпион.

Уотемæй Акъоти Владимир аллихузи еристи æнтæстгинæй фæйййархайдта 1959 анзи уæнгæ, уæдта æхе ке ниццавта, уомæ гæсгæ ин æхецæн штангæ есæн нæбал адтæй, æма уой фудæй райдæдта тренери куст кæнун. Райдæдта горæт Ростови, 1960 анзи ба иссæй цæгатиристойнаг спортивон æхсæнадæ «Спартак»-и тренер. Ами фæккуста 1967 анзи уæнгæ. Уæдта æй косунмæ ракодтонцæ нæ иннæ номдзуд спортивон æхсæнадæ «Динамо»-мæ.

Раст зæгъгæй, ами тренировкитæ аразунæн уавæртæ æдзæллаггомау адтæнцæ, нæ си адтæй хузæнон спортивон зал, спортивон уæледарæс, спортивон дзаумæуттæ… Фал Валодимæ адтæй разæнгарддзийнадæ, уарзта æ куст æма 'й еугур еци нæхъæртондзийнæдтæ уотæ нæ хъор кодтонцæ, æ уæгæ си нæ мæгур кодта… Гъе уотемæй гъомбæл æма цæттæ кæнун райдæдта, цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте Иристони спортивон намус æма кадæ агъазиау чемпионатти æма еристи æнтæстгинæй гъæуай кæнун ке бон иссæй, уæхæн спортсменти. Валоди æхуæдæг исаразта еу сарагонди спортивон дзаумæуттæ тренировкитæн æма æригон биццеути еу къуар райдæдта уæззау атлетикæй цæттæ кæнун.

Æ фиццаг ахургæнуйнæгтæ адтæнцæ дуйнеуон къласи спорти мастертæ **Нанити Феликс, Рæмонати Виктор** æма **Нанити Виктор**. Аци искурдиадæгин штангисттæ æнтæстгинæй архайдтонцæ айдагъ нæхе бæсти нæ, фал сауæнгæ фæсарæйнаг аллихузон дуйнеуон еристи. Иристони штангисттæй фиццаг хатт дуйнеуон рекорд ниввардта **Нанити Феликс,** фæстæдæр ба никки хъæбæрдæр фескъуæлхтæй е 'рвадæ Нанити Виктор – дуйнеуон рекордтæ исæвардта æртæ хатти. Зингæ æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй **Нанити еума сахъ лæхъуæн Русланæн** дæр.

Иристони кадæ æма намус ма аллихузи бæрнон еристи æнтæстгинæй ка гъæуай кодта, уонæй ма Валодийæн æ фиццаг ахургæнуйнæгтæ адтæнцæ номдзуд штангæесгутæ **Хæллати Албег, Моурати Олег, Таймазти Павел, Ботъоти Руслан** æма **Æхсарæ, Елбати Сергей, Джамал Сулейманов, Александр Зильберман, Кодзурти Марат, Нанити Руслан** æма æндæртæ. Аци штангисттæ сæ рæстæги сæхе бавдистонцæ искурдиадæгин æма æнтæстгин спортсментæй.

1972 анзи УСФСР-йи физкультурæ æма спорти комитети унаффæмæ гæсгæ Акъоти Владимирæн лæвæрд æрцудæй Уæрæсей Федераций æскъуæлхт тренери кадгин ном, мадта ин нæхемæ республики дæр хъæбæр искадæ кæниуонцæ – спортсментæ цæттæ кæнуни гъуддаги агъазиау æнтæстдзийнæдтæ ке равдиста, уой туххæй ин лæвæрд æрцудæй Цæгат Иристони АССР-и Сæйраг Совети Президиуми Кади гæгъæди, 1977 анзи ба ин исаккаг кодтонцæ Цæгат Иристони АССР-и культури æскъуæлхт косæги цитгин ном.

Рæстæг цудæй æма тренертæн сæ кусти уавæртæ дæр нивæбæлдæр кодтонцæ, фæззиндтæнцæ фадуæттæ тренировкитæ нæуæг, бæлвурдæй уæззауатлетиконтæ цæттæ кæнунæн цæхуæн гъудæй, уæдта гъæугæ спортивон фæрæзнитæй ефтонг ка адтæй, уæхæн райдзаст зал аразунæн. Ардæмæ аллибон дæр цудæнцæ дæсгай биццеутæ (уæд кизгуттæ уæззау атлетикæй нæма архайдтонцæ), æригон динамовонтæ – еуетæ си сæ ацъагъуæ исбæлвурд уни фæндæй, иннетæ ба си дæсниадæ фæббæрзонддæр кæнунмæ.

Уонæй сæ фулдæремæн бантæстæй Иристони устур кадæ æма намуси анзфинсти сæхе устур æскъуæлхтдзийнади рæнгъитæ дæр бафинсун. Зæгъæн, дуйнеуон къласи спорти мастер Æлдаттати Артур, æ рæстæги иссæй Австрий дуйнеуон еристи уæлахездзау, фæстæдæр ба фиццаг бунæттæмæ рацудæй æма уæлахездзау иссæй Югославий, Манголий, Китайи, фæууæлахез æй æригæнтти 'хсæн Европи æма дуйнеуон еристи Шотландий, иссæй Уæрæсей адæмти фарæстæймаг сæрдигон спартакиади чемпион. Уой фæсте Æлдаттати Артур рахизтæй тренерон-гъомбæладон кустмæ. Тренертæ иссæнцæ Акъоти Владимири иннæ гъомбæлгæнуйнæгтæ: **Бидети Алан, Бедойти Виталий, Гергити Феликс, Нанити Феликс, Баймæтати Эльбрус**.



Нæлгоймæгти æмрæнгъæ фæстаг æнзти уæззау атлетикæй æнтæстгинæй архайунцæ кизгуттæ.

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй уæхæн зундгин загъд: «Фиди фарнæ мæрдтæмæ нæ цæуй». Æма Акъоти Владимири цардвæндаги хабæрттæ кæнгæй еци загъд хумæтæги нæ æрбаймистан. Нæ номдзуд спортсмен æма тренерæн æ фурт **Артур**, æвæдзи, æ фиди хъиамæттæ æма арфиаг гъуддæгутæ уингæй, уæдта си нæ Иристони дзиллитæ куд боз æма сæрустур æнцæ, уой зонгæй, е дæр, куд фæззæгъунцæ, фæццалх æй уой гъуддагбæл. Æма æ фæндæ фæррæстмæ æй – зингæ æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй æ рæстæги æ къохи. Иристойнаг штангисттæй фиццагидæр Акъоти Владимири фурт Артур иссæй дуйней чемпион, уæдта спорти æскъуæлхт мастер уæззау атлетикæй. Фæууæлахез æй берæ дуйнеуон еристи, Барселони Олимпаг гъæзтити ба райста æвзестæ майдан, нæкæси, уæхæн хуæрзеуæг ма уоми райста нæ иннæ номдзуд штангæесæг **Таймазти Тимур** дæр…

Зæгъун ма гъæуй уой дæр, æма Цæгат Иристони тренертæй фиццагидæр Акъоти Владимирæн лæвæрд æрцудæй дуйнеуон еристи тæрхон кæнуни барæ, исаккаг ин кодтонцæ дуйнеуон тæрхонгæнæги къæпхæн.

Акъоти Владимир тренерæй фæккуста дæсгай æнзти дæргъи. Мадта ци фæсевæд исгъомбæл кодта, уонæн ба банимайæн дæр нæййес, уойбæрцæбæл берæ 'нцæ. Кадæртæ си спортивон æнтæстдзийнади тæккæ бæрзонддæр бæрзæндтæмæ исхизтæнцæ, кæмæндæрти ба си æ спортивон карнæ уоййасæбæл райдзаст нæ рауадæй. Фал е сæйраг нæй – сæйраг е æй, æма уони алкедæр гури хъаурæй тухгин уни нифси хæццæ ма æ гъомбæлгæнæгæй райста уодигъæдæй дæр сæрæндзийнади фарнæ, адæми 'хсæн рæстзæрдæй цæрунæн зунд, федардзийнадæ. Уомæ гæсгæ Акъоти Виктори абони дæр Иристони дзиллитæ арфиагæй имисунцæ, æ берæ хуарздзийнæдтæ ин нæ иронх кæнунцæ, зæрдиагæй ин аразунцæ æ номерæн аллихузон мадзæлттæ… Уомæн нæхуæдтæ абони ан æвдесæн.

Акъоти Владимирæн æ рамæлæти фæсте æ номерæнæн арæзт æрцæуидæ сæрмагонд турнир уæззау атлетикæй. Е айдагъ цитгингæнæн мадзал нæ исуидæ, фал ма æригæнтти разæнгард кодта спорти аци хузи архайунмæ. Бæргæ хуарз адтайдæ уæхæн турнир аци анз дæр арæзт ку 'рцудайдæ, æма, ка 'й зонуй, исаразуйнаг адтæнцæ, фал, æвæдзи, нуриккон тæссаг санитарон-эпидемиологон уавæртæмæ гæсгæ нæ фæцæй равгæ. Гъæугæ ба бæргæ кодта – еуемæй, номдзуд тренери ном исцитгин кæнунæн, иннемæй ба, уадзæ æма фæсевæд зононцæ, Фидибæсти сæрбæлтау уодуæлдайæй ка фæйййархайуй, уони рохс нæмттæ æма хуæрзтæ дзиллæй иронх ке нæ 'нцæ, кадæ син кæнунцæ æностæмæ…



Нæ Иристони спортивон намусгин уæззауатлеттæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): БÆРОЙТИ Хасан, ТАЙМАЗТИ Тимур, ТЪУРИТИ Тинæ, АКЪОТИ Артур, тренер ЗОЛОЙТИ Хъазбег, ТÆСОЙТИ Æхсарбег (уæззау атлетики Федераций президент).

***Рагонбердзенаг философ СОКРАТ финста: «Æз уотæ æнгъæл дæн, æма адæймаг хуарз ку кæна, уæд уомæй хуæздæр цард нæййес. Нæййес уомæй хуæздæр цийнæдзийнадæ, хуарзи бацудтæн, зæгъгæ, адæймаг æхецæй арази ку уа. Аци хуæрзамонд æз мæхуæдæг бавзурстон, æма уомæн æвдесæнæн ба лæууй мæ намус...»***


ФУРЦЕВА Екатеринæ

**Мæнæ дæлдæр ци æрмæг бакæсдзинайтæ, уой мухур кæнæн дууæ цауемæ гæсгæ.**

**Аци анз номдзуд советон партион-паддзахадон архайæг Екатеринæ Александри кизгæ Фурцевай райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма фондзинсæй анзи (1910-1974). Берæ æнзти дæргъи адтæй Компартий разамунди тæккæ бæрзонддæр бунати бадгутæй еу, адтæй Центрон Комитети Президиуми иуонг. Фæстæдæр ба куста ССР Цæдеси культури министрæй.**

**Иннæ цау – аци анз Иристони номдзуддæр лæгтæй еу, искурдиадæгин партион-паддзахадон архайæг Гапбати Александри фурт Ивани райгурдбæл исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1915-1975). Куста бæрзонд паддзахадон бунæтти, еу рæстæг ба адтæй нæ республики культури министр. Æма ин æ кустмæ гæсгæ æмбæлгæ рауадæй цæдесон министр Екатеринæ Фурцевай хæццæ дæр, кæци устур аргъ кодта, куд дæсни разамонæгæн, уотæ. Уомæн æвдесæн – мæнæ уин дæлдæр ци хабар ракæнуйнаг ан, е.**


ГАПБАТИ Иван

# ФУРЦЕВАЙ ЛÆВАР

***Мæнæ уин нуртæккæ ци хабæрттæ ракæнуйнаг ан, етæ æрцудæнцæ Мæскуй 1964 анзи сентябри мæйи кæрони. Уой размæ Советон Цæдеси Коммунистон партий Центрон Комитети Пленум сæрмагонд унаффæ рахаста фидибæстон культури райрæзти фæдбæл, кæцими бæрæггонд æрцудæнцæ аллихузон бæлвурд нисантæ. Æма уæди партион-паддзахадон фæткитæмæ гæсгæ еци къабази разамунд гъæуама исбæрæг кодтайуонцæ, етæ куд хуæздæр æнхæстгонд æрцæуонцæ, уой туххæй бæлвурд мадзæлттæ. Уой фæдбæл баунаффæ кæнуни туххæй уæд Мæскумæ фæдздзурдтонцæ Советон Цæдеси еугурцæдесон æма автономон республикити, крайти, облæстти æма иннæ регионти культури министртæмæ. Еци æмбурди сæрдареуæг ба кодта нæ бæсти культури уæди министр Фурцева Екатеринæ Александри кизгæ.***

## РАСТ УЕС КА ФÆХХÆССУЙ, ХУАСГÆРДÆГ Е ФÆУУЙ!..

Æмбурд цубур радзубандийæй райгон кæнуни фæсте, е федар гъæлæсиуагæй загъта:

– Абони нæ куст гъæуама уæхæн уагæбæл рахæссæн, цæмæй алли министræн дæр æ доклад фондз минуттемæй фулдæр куд нæ уа, уæ зæгъуйнæгтæ гъæуама уонцæ бæлвурд, гъуддагхузон, еумæйаг дзубандити «дон» æгириддæр куд нæ уа… Дзорун гъæуй тæккæ ахсгиагдæр фарстатæбæл, царди бунат ка иссера æма уомæ гæсгæ ба æнæмæнгæ исаразуйнаг ка æй, уæхæнттæбæл. Ци мадзæлтти пълан ниффедар кæнуйнаг ан, уомæн гъæуама уа паддзахадон ахсгиагдзийнади тæккæ устурдæр уæзæ, æнæмæнгæ исуа царди рауадзуни аккаг æма уомæ гæсгæ ба хаст æрцæуа еумæйаг паддзахадон пъланмæ, уæдта финансти министрадæ радех кæна, финансон фæрæзнитæ цæйбæрцæ багъæудзæнæй, уойбæрцæ. Уомæ гæсгæ ба ци фæндитæбæл æрдзорунмæ гъаветæ, уонæн гъæуама уа гъæугæ проектон-сметон гæгъæдитæ дæр...

Министри еци дзубандитæ райгъосгæй, зали бæдгутæй кадæртæ исдугъ-дугъ кодтонцæ:

– Е ба куд æй! Æмбурди размæ нин рагацау цæмæннæ фегъосун кодтайдæ? Уæхæн цубур рæстæгмæ ба циуавæр проектон гæгъæдитæ рацæттæ кæнун æнгъезуй?!.

Фурцева сæмæ лæмбунæг байгъуста, уæдта еци мæстгунæй исдзурдта:

– Мах министрадæй, ци гъуди кæнун, уотемæй мæйи размæ алли республикон министрадæмæ дæр æрвист æрцудæнцæ сæрмагонд циркулярон финстæгутæ, кæцитими лæмбунæг финст æрцудæй, аци æмбурдмæ циуавæр гæгъæдитæ гъæунцæ, е. Уомæ гæсгæ ба мæ хъæбæр деси æфтауй, неци ин зудтан, зæгъгæ, уæ хъур-хъур. Раст мæнæ нуртæккæ бардзурд дæттун нæ организацион хайадæн, цæмæй лæмбунæг равзаронцæ аци гъуддаг. Æма уæбæл кæд мах фудæй афойнадæбæл нæ исæмбалдæнцæ нæ еци финстæгутæ, уæд фудгин карз æфхуæрд æрцæудзæнæй. Кæд сæ афойнадæбæл райстайтæ, утемæй ба, уоми ци амунддзийнæдтæ нисангонд æрцудæй, уони нецæмæ æрдаргæй, æнæ гæгъæдитæй уи ка æрбацудæй, етæ сæхуæдтæ æрцæудзæнæнцæ æфхуæрд.

Æмбурд фæццудæй сæуми дæс сахаттемæй изæри фондз сахаттей уæнгæ. Фиццагидæр дзурди барæ лæвæрд цудæй цæдесон, уæдта автономон республикити культури министртæн. Алли доклади фæсте дæр сæ гъудитæ зæгъиуонцæ Советон Цæдеси культури министри хуæдæййевгутæ, сæрмагонд экспертттæ, уæдта министради хайæдти сæргълæуугутæ.

Гапбати Иванæн ба дзурди барæ лæвæрд æрцудæй еугурей фæсте. Æ радзубанди адтæй цубур, рæсугъд, æ алли дзурд дæр адтæй бунати. Зали бадгутæ имæ цæмæдесæй игъустонцæ, уæлдайдæр ба Фурцева æхуæдæг дæр.

– Цæгат Иристони культурон райрæзти фарстатæмæ цидæр еумæйаг геппмæ гæсгæ кæсун æгириддæр не ’нгъезуй, – загъта Гапбай-фурт. – Кæсун сæмæ гъæуй, мах республикæ цæмæй хецæн хуз æй, уомæ – æ геополитикон уавæртæмæ гæсгæ, уæдта уой хæццæ ба ма æ берæнациондзийнадæ дæр нимайгæй.

Уæлдай устур æргом раздахун гъæуй сахар Орджоникидземæ (уæд ма Владикавказ уотæ хундтæй – *Ред.*). Цæгат Иристон æма æ сæйраг сахарæн ес стратегион ахедундзийнадæ Уæрæсе æма Кавкази æхсæн рахастдзийнæдти. Етæ Уæрæсе æма æнæгъæнæ Цæдес еу кæнунцæ Кавкази хæццæ алли фæззелæнти дæр – географион, политикон-экономикон, тугъдон, социалон-барадон, културон æма ма берæ æндæр гъуддæгути. Дзæуæгигъæу хумæтæги хъæбæр устур цæстиварди нæ адтæй раздæриккон Уæрæсемæ, хумæтæги имæ уæлдай устурдæр æргом не ’здахта, уæдта нæ устур зундгонд финсгутæ, поэттæ, ахургæндтæ, æхсæнадон æма паддзахадон архайгутæ дæр.

Мадта æ рæстæги дæр, Советон хецаудзийнади фиццаг æнзти рæстæг Цæгат Кавкази Хуæнхон республикæ арæзт ку 'рцудæй, уæд æ сæйраг сахар дæр хумæтæги нæ иссæй Дзæуæгигъæу. Еугур еци хабæрттæ нимайгæй, нæ республики æма æ сæйраг сахари културон райрæзти æмвæзадæ æй, куд не ’нгъезуй, гъе уотæ хъæбæр ниллæг, фæрсæй бакæсгæй æй хъæбæр мæгурхуз æма æдзæллаг уавæри.

Нуриккон домæнтæн дзуапп ка дæтта, уæхæн еунæг културон артдзæстæ дæр – кенæ культури Галауан, кенæ кинотеатр – нерæнгæ нæма ес Орджоникидзей. Хъæбæр ниддæргъвæтийнæ æнцæ, културон-дзиллон нисанеуæг кæмæн ес, еци объектти арæзтæдтæ. Æнæмæнгæ кæронмæ фæуун гъæуй ами металлургти Галауан, завод ОЗАТЭ-й культури Галауан, кинотеатр «Октябрь»-и, культури Галауан «Электрон»-и арæзтæдтæ. Æведауцæ æдзæллаг уавæри æнцæ фæлладуадзæн парктæ æма сквертæ дæр. Иснисан кодтан исаразун æма исефтонг кæнун «Фæскомцæдесон парк», Пушкини æма Горькийи номбæл сквертæ, Штыби, Бæгъатæрти, Уæлахездзаути номбæл фæзитæ. Нæ пълани ма ес Беслæни, Мæздæги, Дигорай, Чиколай, Хæзнидони, Толдзгуни, Секери, Сурх-Дигори дæр культури аллихузон артдзæститæ исаразун.

Мах республикæ иннæ республикити хæццæ ку рабарæн, уæд æ цæргути бæрцæмæ гæсгæ еугуремæй фулдæр Фидибæстæн равардта, Советон Цæдеси Бæгъатæри ном ка хæссуй, уæхæн тугъдонтæ. Еци Бæгъатæрти цæдесон номхигъди лæууæн фиццаг бунати. Нури уæнгæ ба си еунæгемæн дæр циртдзæвæн æвæрд нæма æрцудæй.

Кенæ ба дуйнебæл еунæг уæхæн сахар кенæ æндæр цæрæнбунат, æвæдзи, нæййес иссерæн æма си рацудæй Советон Цæдеси æхсæз Бæгъатæри. Махмæ ба Иристони ес уæхæн гъæу – Дигора. Фал уонæн дæр сæ номбæл нæййес еунæг циртдзæвæн дæр æма фæзæ дæр. Цидæриддæр фарстатæ нивварддтон æма цæбæл æрдзурдтон, уонæй мæмæ алке тухxæй дæр ес бæлвурд проектон-сметон гæгъæдитæ.

## ÆУУÆНКАГ ДЗУРД ÆВДАДЗИ ХУАСÆ ’Й!..

Гапбати Иван æ радзубанди ку фæцæй, уæд ин Фурцева загъта:

– Æмбал Гапбай-фурт, корун æма абони æмбурди фæсте мæмæ президиуммæ æрбацæуай!

Еугур еци хабæрттæ имисгæй, уой фæсте Гоце æхуæдæг мæнæ куд радзурдта:

– Куд мин бафæдзахста, уотæ бацудтæн Фурцевамæ æмбурди фæсте æма мæ æ фарсмæ æрбадун кодта. Хæстæгдæр мæмæ æрбацудæнцæ æ хуæдæййевгутæ, уæдта цалдæр хайадей сæргълæуугутæ дæр. Фурцева ми ракурдта мæ проектон-сметон гæгъæдитæ. Æз дæр, ци бæзгин папкæ мæмæ адтæй мæ хæццæ, уордигæй сæ исистон æма ин сæ æ размæ æрæвардтон, уой хæццæ ба ма ин ме ’нгулдзæй амудтон схемитæ æма нимæдзтæ. Лæмбунæг мæмæ игъуста, фал дин еу рæстæг ку æрæстæфинæ: мæнмæ уотæ хъæбæр нæбал игъуста, фал мин мæ дæрдгун пиджаки дустæмæ æдзинæг кастæй. Æма, æцæгæйдæр, еци дустæ уотæ хъæбæр бафехсудæнцæ, æма ма си хæлттæ дæр разиндтæй, мадта дзиппити сæртæ дæр уотæ. Мæ зæронд галстук, хæлаф, уæдта финддæс сомей аргъ туфлитæбæл дæр мин æ цæстæ æрдардта. Ку зæгъун, игъосгæ дæр мæмæ æнхæст нæбал кодта, фал мæмæ лæмбунæг кæститæ кодта, æ меднимæр сагъæс кæнгæй. Æз æй, гъай-гъай, æрлæдæрдтæн æма нецибал дзурдтон. Куд мæ не ’рлæдæрдтайдæ, уотæ сабургай мæ къохтæ гæгъæдитæй рандæ кодтон æма си мæхе еу минкъий райеуварс дæр кодтон. Ка ’й зонуй, еуцæйбæрцæдæр фæкъкъех дæн, æма ма силгоймаги ци базонун гъудæй, æз ин е ’дзинæг каст ке балæдæрдтæн, уой. Æма, æвæдзи, цæмæй ма фефсæрми уон, уой тухxæй мæ рафарста:

– Дæ дзубанди фæдтæ? Алцидæр байамудтай?

– Нæ, еуминкъий ма æрлæуун гъæуй еуæй-еу фарстатæбæл, зæгъгæ, ин дзуапп равардтон.

– Ци уой зонис, Иван Александри фурт, æз алцидæр балæдæрдтæн æма дзæгъæли нæ рæстæг нæбал исафдзинан. Рахæссай мæмæ уæ республики министради финстæг – бæрæггæгъæди.

## ЗУНДГИН ЛÆГИ Æ ДАРÆСМÆ ГÆСГÆ НЕ ’ВЗАРУНЦÆ...

Æз папкæй исистон финстæг нæ фæндæнтти хæццæ. Е æй райста æма си сæрæй галеуæрдигæй агъазиау къохдзæфæй бафинста: «Пъланмæ хаст æрцæуæнтæ æнæ неци раййевгæй»,– зæгъгæ. Æз, гъай-гъай, хъæбæр бацийнæ кодтон, еци зæрдиагæй ин райарфитæ кодтон æма ранæхстæр дæн. Фал мæ е ба фæууорæдта æма мæ фæрсуй:

– Кæми æрфусун кодтай, кæци фусунуати?

Цæмæн мæ рафарста, уой нæ балæдæрдтæн æма имæ цæмæдес каст бакодтон, фал ин уæддæр дзуапп ба равардтон:

– Культури министради сæрмагонд фусунуати, дуккаг уæладзуги, 25 уати…

Фурцева æхемæ рафинста цидæртæ, æвæдзи, ци ин загътон, уони, æма мин фæлмæн гъæлæсиуагæй загъта:

– Дзæбæх уо, исон бабæй фембæлдзинан.

Æз мæ над ракодтон фусунуатмæ, куд гъæуй, уотæ мæ фæллад исуагътон, сæумæй бабæй рандæ дæн æмбурдмæ. Аци хатт æмбурд рахаста æдеугур дууæ сахатти. Уой фæсте ба Фурцева, цубур хатдзæгтæ искæнгæй, райарфæ нин кодта, устур уæлахезтæ уæ къохи æфтуйæнтæ, нæ иннæ фембæлдмæ, зæгъгæ, нæ рафæндараст кодта æма мах, æмбурди архайгутæ, фæххæлеу ан.

Æз уайтæккæдæр фæррраст дæн фусунуатмæ, мæ дзаумæуттæ райсунмæ. Уат байгон кодтон, бацудтæн медæмæ æма кæсун: уоми къелай къохбæл дзихъирт нæуæг, æ уиндæмæ гæсгæ хъазар, цъæх костюм ауигъд, æ хæццæ ба ма уорс-уорсид хæдонæ, сау галстук æма цъиндатæ, уотемæй. Къелай фарсмæ пъолбæл ба морахуз туфлитæ, етæ дæр дзихъирт нæуæг. Æз рагъуди кодтон, æвæдзи, аци дзаумæуттæ, мæ фæсте аци уати ка цæрдзæнæй, уой æнцæ, зæгъгæ. Фал мæмæ уæдмæ уатмæ æрбацудæй фусунуати комендант æма мæмæ финстæг æрбалæвардта, кæцими финст адтæй:

*«Дæуæн, хъазар Иван Александри фурт, костюм – ССР Цæдеси культури министрæй лæвар дæ агъазиау æма гъæддух фæллойни, дæ рæстуоддзийнади тухxæй.*

*Фурцева Е.А.»*

**б) Зундгонд ирон финсæг Дзадтиати Исмаили фурт Тотурбеги райгурдбæл 28 декабри æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1910-1984).**

# «АЙДАГЪ ХОДУНÆЙ УСТУР АЙЙЕВАДÆ НÆ ИГУРУЙ»



***Зундгонд куд æй, уотемæй Цæгат Иристони Тæбæхсаути Балой номбæл паддзахадон академион драмон театрбæл 10 ноябри исæнхæст æй фондз æма цуппаринсæй анзи. Уой анзфинсти нæ номдзуд театралон архайгути æмрæнгъæ зингæ бунат ахæссуй ТЕМИРАТИ Иласи фурт Давид (1924-2007). Куд искурдиадæгин артист, уотæ Ирон театри сценæбæл фескъуæлхтæй, ци дессаги фæлгонцтæ си исаразта, унæй. Адтæй ма искурдиадæгин режиссер, драматург, театралон гъуддаг райаразæг – уой фæрци райгурдæй Дигорон паддзахадон театр дæр. Еци берæвæрсуг исфæлдистадон ацъагъуæдзийнæдтæ ин барæ лæвардтонцæ театралон аййевади фарстати фæдбæл медесгун гъудитæ зæгъунæн дæр. Уомæ гæсгæ абони мухур кæнæн, журналист Налдихъуати Зæлинæ кæддæр Давиди хæццæ дзубандий фæдбæл ци æрмæг бацæттæ кодта, уой.***

**– Давид, раздæр цийнæ кодтонцæ еугур исфæлдистадон къуари æнтæстдзийнæдтæбæл, абони ба спектакли еу кенæ дууæ хуарз кусти ку фæууй, уæд уонæбæл, æма, дæумæ гæсгæ, е цæй хæццæ баст æй?**

– Дæ тухст дин лæдæрун, æма уомæй æз дæр дæ хæццæ арази дæн. Фал уæхæн уавæр, кæцимæн театралон исфæлдистади æгириддæр бунат ма уа, айдагъ актерти фуд ку кæнæн, уæд е раст нæ уодзæнæй. Уæхæн уавæр ма исæвзуруй, театр ци пьесæбæл коса, е циуавæр æй, уомæ гæсгæ дæр. Еуæй-еу пьесити сæйраг фæлгонцæй уæлдай нæ æндæр сценикон домæнтæмæ гæсгæ æнхæст фæлгонцтæ нæ фæууй, æма уæд иннæ актертæ ба гъæуама ци кæнонцæ, кутемæй фескъуæлхонцæ? Артист цæмæй артист æй? Фæлгонцтæй! Цæмæй устур артист исуа, æ гæнæнтæ æма равгитæ æнæгъæнæй æма ирдæй бавдеса, цæмæй æ исфæлдистадон ном райгъуса, уой туххæй аккаг рольтæ гъæунцæ. Етæ фæуунцæ хуарз пьесити. Æма, зæгъис, пьесæ ку нæ бæзза, уæд æй ма æвæеретæ сценæбæл? Æма нин хуарзæй нæ къохи ку неци уа, уæдта?.. Уогæ раст дæ, лæгъуз спектакли бæсти багæдзæ кæнун хуæздæр. Фал кæдмæ гæдзæ кæндзинан?.. Абони нæ национ драматургий, гъулæггагæн, берæ цæйдæрти туххæй уæхæн пьеситæ нæййес, уæдта бæрæг нæй, уогæ зингæ ба фæккæндзæнæнцæ, уæдта кæд...

**– Абони фæсарæйнаг, уæлдайдæр ба нигулæйнаг аслан пьеситæ, хумæтæг раст гъуди дæр æма цардаразæг сагъæстæбæл æфтауæг нисанеуæг дæр кæми нæййес, етæ нæмæ æгæр ке исахид æнцæ нæ фидибæстон сценæбæл, æма нин нæ фидтæлтиккон уодиконди фарнæ мæгурдæр кæнунцæ, берæ цидæртæ ба си дæлдон кæнун дæр ма байдæдтонцæ... Æма е, Давид, дæумæ гæсгæ, цæй фудæй æй, цæй хæццæ баст æй?**

– Дæ фарста, æнцонтæй дзуапп кæбæл радтай, унæй нæй... Берæ театртæн е баст æй сæ мæгурдзийнади хæццæ. Артисттæй беретæ театри косунцæ, æновуд ибæл æнцæ, уомæн æма е æй сæ царди фулдæр, кадæртæ ба айдагъдæр ке уарзунцæ, е. Уруссагау сæ хонунцæ, фанатиктæ. Мæнæ махмæ косунцæ хъæбæр искурдиадæгин фæсевæд, косунцæ æновудæй æма уодуæлдайæй. Æма син куд аргъгонд цæуй. Сауæнгæ ма син хузæнон мизд дæр фист нæ цæуй, сæ уæззау хъиамæттæн есунцæ къапеккитæ. Уæззау син сæ куст уомæ гæсгæ не ’схудтон, æма цидæр уæззау уæргътæ сæ гури хъауритæй есунцæ, уæззау уомæ гæсгæ ’й, æма сæ уоди хъауритæ еугурæй дæр харз кæнунцæ сæ аллибони хъиамæтти. Æма уоди хъаурæ харз кæнун ба цæйбæрцæбæл хъазауат æй, уой ба балæдæрдзæнæй, ка ’й бавзурста, айдагъдæр е.

Цард цард æй, алкедæр фæндуй хузæнон уавæрти цæрун. Æма исфæлдистадон косæгæн уæхæн уавæртæ ку нæ уа, уæдта ин æ еци сагъæстæбæл тухсæг ку нæ уа, уæдæй еци уавæр ба барæ-æнæбари дæр тæруй ести æхцатæ бакосунмæ, цæмæй уæддæр æхуæдæг æ цардиуаги хабæрттæ исараза.

Мæскуй театртæ, спектакль æвæргæй, харз кæнунцæ цалдæргай миллионтæ. Мах ба дæс æма инсæй мини ку исхарз кæнæн, уæд искатай уæн, е дæр кæмæдæрти æгæр берæ фæккæсуй. Мадта адæм дæр театрмæ, раздæри рæстæгути хæццæ рабаргæй, уоййасæбæл дзиллонæй нæбал цæунцæ, æма, ци æрæмбурд кæнæн, етæ дæр берæ нæ ’нцæ.

Гъулæггагæн, абони адæм цæмæ цæунцæ? Чеховмæ – нæ, Горький ба бустæгидæр феронх æй. Классикæ некебал гъæуй. Адæм цæунцæ, «ха-ха» æма гиризгагдзийнæдтæ фулдæр кæми уа, уæхæн спектакльтæмæ. Нифсгунæй мæ бон зæгъун æй, нæдæр мах, нæдæр ба Ирон театр нæ рацæудзинан еци надбæл. Гæнæн ку нæбал фæууй, уæд мах дæр æвæрæн уæхæн спектакльтæ, фал етæ фæуунцæ æстæн. Мах кæмæ æма цæмæ бæллæн, уомæн нин разæй æнæнидæнгæнгæ рохс ес. Етæ ’нцæ Станиславскийи, Вахтангови æма МХАТ-и исфæлдистадон скъолатæ. Æ рæстæги уоми мах, ирон театралон аййевади хестæр фæлтæрти цæбæл ахур кодтонцæ, уой нур дæр дæтдзинан æма фæдзæхсдзинан нæ фæсевæдæн. Цалинмæ фæразæн, уæдмæ архайдзинан еци райдзастдзийнадæмæ хонæг аййевадон надбæл цæунбæл.

**– Режиссер æма актери кустæн аргъгæнæг æнцæ не ’мдогонтæ, бæлвурд спектакльмæ æрбацæуæг театрдзаутæ. Абони театрдзаути æнкъарæнтæмæ гъосдард цæйбæрцæбæл цæуй?**

– Кæддæр Ирон театри исаразтан æрфарсти гæгъæди æма театрдзаути фарстан, ци фæууинун уæ фæндуй нæ театри сценæбæл, зæгъгæ. Уони дзуæппитæ æрæмбурд кодтан, лæмбунæг сæмæ æркастан æма гъе уомæ гæсгæ ба аразтан нæ идарддæри куст. Абони кæд аци фæрæзнæй нæбал пайда кæнæн, уæддæр кæсæн æма игъосæн, адæм куд гъуди кæнунцæ æма ци зæгъунцæ, уомæ.

Кедæрти трагедитæмæ кæсун нæ фæндуй, фал айдагъ игъæлдзæггæнæг спектакльтæмæ. Театрмæ уæхæн зундирахастæй ка кæсуй, уонæн уой зæгъуйнаг дæн, æма уотид ходунтæй устур аййевадæ ке нæ игуруй, уой зæрдæбæл дарун гъæуй. Лæдæргæ адæймаг, гъулæг макæмæ фæккæсæд мæ дзубанди, еске æдули нæ хонун, фал, театралон аййевадæ æцæгæй ци æй, уой хуæздæр ка лæдæруй, уони классикæмæ кæсун дæр фæндуй. Æма уæхæн спектакльтæмæ æрбацæуугутæ дæр куд нæ фæууй, фал, гъулæггагæн, етæ берæ нæ ’нцæ.

Мах тагъд рæстæги æвæрун райдайдзинан Жан Ануйы пьесæ «Антигона»-мæ гæсгæ спектакль. Аци авторæн æ уадзимистæ фæззинниуонцæ, æхсæнадæн зин рæстæгутæ ку ралæууидæ, уæд. Абони дæр нæ алливарсмæ ракæсайтæ, адæм æнцон цард кæнунцæ?.. Махмæ гæсгæ, «Антигона» дæр абони æй рæстæги домæн.

**– Æцæг аййевади дуйней фазæнттæ дæр нæййес, уæдта си еске хæццæ исхæлæмулæ уæн дæр нæййес, Фал уæддæр, дæумæ гæсгæ, цæмæ тундзун гъæуй?**

– Зæгъæн, уотæ ка бæллуй, Таутиати Солæмани бæрцæ мин ку бантæсидæ, кенæ Тæбæхсæути Балой æмвæзадæмæ ку исхезинæ, е лæгъуз зундбæл хуæст нæй. Инæлар исун ке нæ фæндуй, еци æфсæддони дзæгъæли нæ фæннимайунцæ нæбæзгæбæл. Номдзудти кадæ æма намусмæ бæллун бæргæ хуарз æй, фал, е куд кодта, æз дæр уотæ кæнон, уой фæнзон, зæгъгæ, е ба хуарз нæй. Алли исфæлдистадон косæгæн дæр, цийфæнди жанри ку коса, уæддæр гъæуама уа æхе цæсгон, æхе æрмдзæф.

Дæ фарста æнцон нæй, фал ин æз цубурæй уæхæн дзуапп ратдзæнæн: бæллун æнгъезуй еске хузæн фескъуæлхунмæ, фал уой хузæн æнтæстгин исунæн ба гъæуй хе искурдиади гæнæнтæй фескъуæлхун, хе хуарæнтæ иссерун. Ци равгитæ дин ес, унæй æнхæстæй испайда кæнæ æма си дæхуæдæг исаразæ дæхе Отелло. Аййевадон архайæги гъæуй, ци æма цæйбæрцæ ’й æ бон, уой æргомæй лæдæрун, уæдта цæун гъæуй хе надбæл. Аййевадæуарзгутæ дин дæ цæсгон цæмæй маке хæццæ фейййевдзи кæнонцæ, уомæ тундзун гъæуй. Æркæсайтæ, ке хæццæ ес фейййевдзигæнæн ес, рохсаг уæнтæ, Тæбæхсæути Балой, Уатати Бибой, нæ театралон аййевади иннæ номдзуд архайгути?..

Æнæгъæнæ дуйней Тæбæхсæути Балой хузæн дуккаг Отелло нæ адтæй. Кадæртæ кедæрти фæнзтонцæ, Бало ба еци сорæт исфæлдиста айдагъдæр æхе исфæлдистадон равналæнтæй пайда кæнгæй æма æ зæрдæмæ игъосгæй. Фиццаг хатт Мæскумæ ку ницудæй, æма ’й уордигон театрдзаутæ еци роли ку фæууидтонцæ, уæд адæм хæлеугъæлæсæй байзадæнцæ. Мадта уой размæ еци роли берæ номдзуд актерти фæууидтонцæ, фал сæ уæддæр Бало уоййасæбæл агъазиау деси бафтудта...

Æз мæхуæдæг спектакль фæууинунмæ бацудтæн, Пушкини театри æй ку æвдистонцæ, уæд. Уæдма тамаку думдтон æма тамаку думæн рауæнмæ ниццудтæн. Уоми лæудтæнцæ дууæ лæги æма хъæбæр дестæгæнгæй дзурдтонцæ спектакли туххæй. Хуцауи туххæй, атæ кæцæй æрхаудтæнцæ, зæгъгæ, еу инней рафарста. Уæд еу фæрраздæр æй æма, дан, уæлæ Кавкази еу цидæр адæм ес, нерæнгæ дæр ма, дан, фид хомæй хуæрунцæ.

Æз сæмæ игъустон æма сæбæл мæ меднимæр худтæн. Ести син зæгъæ, е дæр мæ нæ бафæндадтæй, мæнмæ гæсгæ, уотемæй дæр æй балæдæрдтайуонцæ, еци «гъæддаг» адæм цæйбæрцæбæл раззагдæр æма гъомусгиндæр æнцæ, еугæр се ’хсæнæй рацæуæг лæг «цивилизацион» адæмти минæвæрттæй искурдиадæгиндæр ке æй – Балойæн нæдæр æ разæй нæ адтæй уæхæн Отелло, нæдæр æ фæсте. Е адтæй хъæбæр уæлиау устур куст, æма абони артист дæр уæхæн кадæмæ бæлгæй гъæуама уæхæн фудæбон бакæнунмæ бæлла.

Пьеситæ ка финсуй, унæй, гъулæггагæн, беретæ сæ кæрæдзей фæнзунцæ. Уæрæсей еу хуарз пьесæ ку ниффинсунцæ, уæд аллирауæнти дæр æ «фазæнттæ» фæззиннунцæ. Уæдта хуарз пьеситæ, хуарз актертæ айдагъдæр устур сахарти, Мæскуй æма Ленинградi игурунцæ, зæгъгæ, гъуди дæр æгириддæр раст нæй. Еуемæй, кæцидæр адæми устурдзийнадæ æ берæдзийнадæй нæй.

Иннемæй ба, алли адæмихатмæ дæр ес цæмæдессаг аййевадæ æма литературæ, уотæ драмон уадзимистæ дæр. Æма адæмти циундзийнадæ, цардмæ си ка ци æвæрæнтæ бахаста, уомæй бæрæг кæнун гъæуй. Минкъий ирон адæм, зæгъгæ, ку фегъосун, уæд мин еци загъд зин фæууй. Минкъий бæрцæй ан, фал ахедундзийнадæй ба!..

Бахатир кæнетæ, фал бæрцæй берæ ка ’й, уæхæн адæмти рази некæмæй дæлдæр æма æнæскъуæлхтгиндæр ан, кедæрти ба ма си уомæй мах æмбæрцæ æрлæуунмæ уайунтæ æма уайунтæ гъæуй... Еузагъдæй, æз сæрустур дæн мæ адæмæй, мæ номдзуд æмзæнхонтæй æма кæд естæмæ бæллун, уæд уомæ, æма кæдимайди ба æз дæр мæ фæллойнæй еуцæйбæрцæдæр æвæрæн бахæссинæ мæ адæми цитгингæнæн гъуддагмæ.

***2004 анз.***

**Финсæг, драматург, тæлмацгæнæг, публицист, Устур Фидибæстон тугъди архайæг Болати (Хъубадти) Бимболати фурт Агубекири райгурдбæл аци анз исæнхæст æй æхсæзинсæй анзи (1900-1942).**

*Зундгонд ирон финсæг Дзести Кудзæг (1905-1981) фнста: «Минкъий сувæллон гъæуама æ афонæбæл бауарза киунугæ дæр æма æ маддæлон æвзаг дæр. Рагæй фæстæмæ дæр нæмæ аци гъуддагæн фадуат ку адтайдæ, уæд нуртæккæ уотæ ахид нæ уиуонцæ, се 'дулидзийнадæн исбарæн кæмæн нæййес, уæхæн «зæнхбаргутæ» – ирон æвзаг «ардигæй Елхоттмæ» ка баруй, етæ...»*




## ЯНВАРИ ПЕНСИ – ДЕКАБРИ

2021 анзи январи дæргъвæтийнæ нæуæгæнзон каникултæ ке уодзæнæй, еци æууæл хинцгæй, еуæй-еу æййивддзийнæдтæ хаст æрцæуодзæнæнцæ пенситæ æма иннæ социалон пособитæ дæттуни фæткæмæ.

Республики цæргутæй пенси банкти ка есуй æма еци фæрæзнитæ мæйи 4 бони размæ ка райсуй, еци адæмæн сæ пенситæ банки хигъдмæ барветдзæнæнцæ рагацау – 2020 анзи 30-31 декабри.

Почти бастдзийнади хайæдти кусти фæткæ ба уодзæнæй уæхæн. Пенси мæйи 4 бони размæ ка райсуй, еци адæмæн сæ январон пенситæ байуардзæнæнцæ 2020 анзи 28-29 декабри.

Почти бастдзийнади графикмæ гæсгæ, сæ пенситæ мæйи 4 бонæй фæстæтæ ка райсуй, уонæн ба сæ ратдзæнæнцæ еудадзугон фæтки бундорбæл.

Пенситæ рагацау райсуни фæтки туххæй еугур фарстатæ дæр бадæттæн ес Пенсион фонди дзæуæгигъæуккаг хайадæмæ **(тел. – 51-57-31), уæдта районти: Æрæдони (3-37-49), Дигорай (9-05-50), Елхотти (5-01-24), Мæздæги (3-59-02), Октябригъæуи (2-32-19), Алагири (3-14-78), Беслæни (3-65-17) æма Чиколай (3-19-94).**

***КЪНАТТАТИ Маринæ,***
***Уæрæсей Федераций Пенсион фонди цæгатиристойнаг хайади пресс-службæ***

Федеральное государственное унитарное предприятие "ПОЧТА РОССИИ" Ф. СП-1
Бланк заказа периодических изданий

АБОНЕМЕНТ на газету ~~журнал~~ 7 3 9 4 6 (индекс издания)
Дигорæ
(наименование издания)
Количество комплектов
На 2021 год по месяцам:

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | | | |

Куда
почтовый индекс адрес
Кому

Линия отреза

ПВ | место | литер

ДОСТАВОЧНАЯ КАРТОЧКА 7 3 9 4 6 (индекс издания)
на газету ~~журнал~~ Дигорæ
наименование издания

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Стоимость | подписки | руб. | коп. | Кол-во комплектов | |
| | каталожная | руб. | коп. | | |
| | переадресовки | руб. | коп. | | |

На 2021 год по месяцам:

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | | | |

город
село
область
почтовый индекс
район
код улицы
улица
дом корпус квартира
фамилия И. О.

## МА БАЙРÆГИ КÆНЕТÆ – ГАЗЕТ «ДИГОРÆ РАФИНСЕТÆ!..

Кæронмæ фæхъхъæртуй 2021 анзи фиццаг æмбесæн газеттæ æма журналтæ рафинсуни рæстæг, æма бабæй нæ еци гъуддаг хъæбæр тухст сагъæсти æфтауй. Цæветтонгæ, кæд еудадзугдæр еци дзорæги дзорæн, рафинсетæ газет «ДИГОРÆ», зæгъгæ, уæддæр нæ игъосæг ба уоййасæбæл нæййес. Уомæн бæлвурд æвдесæн – дигорон æвзагбæл ци еунæг газет цæуй, уой иннæ анзи æмбесæн нерæнгæ рафинстонцæ æдеугурæй 121 адæймаги. Е аллайаг æма ходуйнаг хабар нæй? Гæрр, нæ дигорон газет уалемæй уæлдай неке гъæуй? Уæд ма нæ дигорондзийнадæ цæмæй æй?

Уой уомæ гæсгæ зæгъун, æма нин нæ газет нур ка есуй, уæддæр æй етæ ку рафинсиуонцæ, уæд нин бæргæ æнцондæр уидæ. Мадта ма уæд каст цæмæ 'й? Еузагъдæй, ма байрæги кæнетæ – абони нæ газети фарс ку нæ фæууæн, уæд нæ исонибони нæбал уодзæнæй – æхгæд æрцæудзæнæй. Æма е ба уодзæнæй уæхæн устур рæдуд, кæцимæн исрастгæнæн дæр нæбал уодзæнæй неци хузи.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА УÆ ПОСТХÆСГУТИ ФÆРЦИ ДÆР.**
**НÆ ХЪАЗАР ÆМБÆЛТТÆ!**
**КОРÆН, ÆМА РАФИНСЕТÆ 2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РЕСПУБЛИКОН ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»!**

Æ рафинсуни аргъ æй **357 соми 36 къапекки.** Тугъди æма фæллойни ветерантæн, инвалидтæн ба – **315 соми 90 къапекки.**

Газети индекс: **73946**. редакций адрес: сахар Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.

Хабæрттæ бæлвурддæрæй базонæн ес 11-17 сахаттей уæнгæ телефонтæй **25-22-56; 25-93-00.**

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25– 22– 56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**
**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Почти индекс **161**.
Тираж **650**. Заказ **№2750.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 22.12.2020.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти туххæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.**